EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz



# QARAQALPAQ XALQ MILLIY OYINLARINIŃ BALALAR ÓMIRINDEGI ÁHMIYETI

[1]Turdibaeva Nargiza
NMPI Mektepke shekemgi tálim baǵdarı 3-kurs talabası,
[2]Dawletbaev Táwekel
NMPI Mektepke shekemgi tálim baǵdarı 3-kurs talabası.
https://doi.org/10.5281/zenodo.7593367

ARTICLE INFO
Received: 22th January 2023
Accepted: 30th January 2023
Online: 31th January 2023
KEY WORDS
*"Mańlay shertpek" oyını, "Qazan" oyını, "Aq terek pe" oyını, kók terek, milliy folklor, milliy mádeniyat, lider, kónlikpe, fizikalıq miynet.*

ABSTRACT
*Usı maqalam milliy oyınlardıń payda bolıw tariyxı, payda bolıwı hám házirgi kúnde balalar ómirinde hám fizikalıq rawajlanıwındaǵı áhmiyeti haqqında.*

Biziń eń úlken isenimiz hám súyenishimiz ósip kiyatrǵan jas áwladimız bolıp sanaladı.
*(SH.Mirziyoyev)*

Qaraqalpaqlar miynetkesh xalıq bolıp, kópshilik bólimi dıyqanshılıq hám balıqshılıq penen shuǵıllanǵan. Sonday-aq, ayrım xalıq qatlamları jallanba miynet etken. Xalıq arasında bay hám jarlı qatlam wákilleri júzege kelgen. Bay qatlam wákilleri balaların medreselerde oqıtıw múmkinshilikleri júzege kelgen bolsa, kambaǵal xalıq wákilleri balaların oqıtıwda kishi medreselerde oqıtqan. Qaraqalpaq kambaǵal xalıq qatlamı ata-anaları balalarına itibar qarata almaǵan bir waqıtta balalar birlesip oyınlar oynaǵan. Bul oyınlardı qaraqalpaq milliy oyınları dep atasaq boladı. Milliy oyınlarǵa: "Qazan", "Qasharman", "Shúllik", "Bes tas", "Teppek", "Mańlay shertpek", "Aq terekpe kók terek", "At shabısı", "Láńki", "Jasırınbaq", "Asıq" basqada oyınlar esaplanadı.

Qobusnamada aytılǵanınday, bala tárbiyasında ata-ananıń ornı úlken, balalar tárbiyasına itibar beriwi haqqında jazılǵan edi. Haqıyqatında da, bala tárbiyasına ata-ana úlken tárbiya beredi, balanıń qanday bolıp jetilisiwi búgingi alǵan tárbiyasına baylanıslı. Bala tárbiyasında ata-ana jetekshi sanaladı, ata-ana balası ushın janın beriwge tayyar boladı. Sonıń ushın da balalar ata-anasın húrmetlewi, shıyrın sózler menen ata-anasın húrmetlewi kerekligi haqqında jazılǵan. Solay eken, hár bir balaǵa miyrimli bolıw kerek. Qaraqalpaq xalqında da oyın áhmiyetli orın iyeleydi, sebebi balanıń tárbiyasında úlken áhmiyetke iye sanaladı.

Qaraqalpaq xalqı ushın "Qazan" oyını tán bolıp, qazan jerge yamasa qumǵa sızıp alınadı. Qazanda belgili baǵıttaǵı sızıqlar, yarım sheńberdegi dem alıw múyeshi hám hár bir topardıń óz quyashı boladı. Bunda balalar belgili sızıqta hareket etedi, dem alıw mùyeshinde dem aladı hám òz quyashın qorǵaydı. Hár bir toparda bes bala boladı hám olarda heshqanday top, tayaqsha hám basqada úskeneler talap etilmeydi. Balalar eki toparǵa bólinedi hám balalar sanı da teń bolıwı kerek. Olar belgili baǵıtta háreket etedi hám oyın jaǵdayında balalar

sızıqtan shıǵıp ketpesten juwırıp qarsılas topar quyashına jetip alıwı kerek. Solay eken, eki topar balalarınıń maqsetide jeńiw bolıp tabıladı. Oyın barısında topar balaları qarsılas topar balaların sızıqtan shıǵarıp jiberiwi yaki ózi tárepke tartıp oyınnan shetletiwi múmkin. Qaysı toparda eń sońǵı qatnasıwshı qarsılas topardıń quyashına jetip kelse oyında sol jeńimpaz boladı. Mine, bul xalıq oyınında balalarda shaqqanlıq, epshillik, tezlik sıyaqlı sıpatlardı rawajlandıradı. Bul oyındı mektepke tayarlaw toparı balalarında oynatıw usınıs etiledi. Kishi topar balaları ushın bul oyın ayrıqsha jaǵdaylardı keltirip shıǵarıwı múmkin. Sonlıqtan da, kishi topar balaları ushın bul oyın usınıs etilmeydi, bul balalardıń jasına hám fizikalıq jaǵdayına tuwrı kelmewi múmkin.

Qaraqalpaq milliy oyını bolǵan "Qasharman" oyını. Bul oyında hár bir toparda bir sárdári hám bes baladan boladı. Toparlardan qaysı biri birinshi baslawın biliw ushın shek taslanadı. Solay etip, ortaǵa úyshesi bar yarım ay sızıladı hám tuwrı sızıq sızıladı. Demek, oyındı birinshi topar balaları baslaydı hám topar sárdarı yarım aysha formasındaǵı úyshede turıp enli tayaqsha menen toptı uzaqraq aralıqqa urıp jiberedi. Usı waqıtta topar sárdári hám birinshi topardaǵı bárshe balalar belgilengen aralıqqa barıp qaytıwı kerek boladı. Belgilengen aylanıw múyeshinde balalar dem alıwına boladı hám úyshede turǵan birinshi topar balaları toptı uzaq aralıqqa tayaqsha menen urıp jiberiwi mùmkin. Top ekinshi topar balalarınıń qolına túspesten aldın birinshi topardaǵı aylanıw múyeshindegi balalar úyshelerine jetip alıwı kerek. Bul oyında ekinshi topar balaları ne qıladı degen soraw tuwıladı? Ekinshi topar tayaqsha menen urılǵan toptı ilip alıwı hám birinshi topar balaların top menen urıp tiygiziwi oyınnan shetletiwi kerek. Esletip ótiw kerek, aylanba dem alıw múyeshinde hám úyshesine turǵan balalardı top penen urılmaydı. Sonı aytıp ótiw kerek, aylanba dem alıw mùyeshinde ekinshi topar sárdári on márte sanaydı sol waqıtta birinshi topar balası úyshesine toptı tiygizbesten jetip alıwı kerek. Eger ekinshi topar balası toptı penen birinshi topar balasına urıp tiygizse oyınnan sol bala shıǵıp ketedi. Oyın birinshi toparda hámme balalardı top penen urıp shıǵarıp jiberemen degenshe dawam etedi. Mine, bul oyın mektep balaları ushın hám mektepke tayarlaw toparı balaları ushın tán bolıp esaplanadı. Bul oyınlardı tárbiyashı mektepke tayarlaw toparı balalarında oynatıw ushın múmkin boladı. Bul oyın balalardı shaqqanlıqqa, epshillikke, sanawǵa, mólshel alıwǵa, topar bolıp islewge úyretedi.

Qaraqalpaq milliy oyınlarınıń biri "Mańlay shertpek" oyını bunda anabası hám onıń balaları boladı. Anabası balalardan birin tańlaydı hám qalǵan balalarǵa at qoyadı. Balalarǵa hár qıylı atlar menen ataydı. Máselen: reńler, tábiyat hádiseleri, máwsimler, sanlar, palız eginleri, miywelerdiń hám basqada atlardı qoyadı. Anabası tańlaǵan balanıń kózlerin qolı menen jawıp turadı hám basqa bir balanı qoyǵan atı menen atap shaqıradı. Atı atalǵan bala kelip anabası kòzin qolı menen jawıp turǵan balanıń mańlayınan eki barmaǵı menen shertip ketedi hám basqa balalar qasında otrıp aladı. Anabası kózlerin qolı menen jawıp turǵan balanıń kózlerin ashadı hám balalar arasınan qaysı bala ekenin tawıp keliwin soraydı. Bala qaysı bala ekenin tapsa, tawılǵan bala menen orın almasadı. Oyın usı barısta dawam etedi. Bul oyın balalardı tapqırlıqqa, sanawǵa, máwsimlerdiń atların biliwge, reńlerdi biliwge, tábiyat hádiselerin ayırıwǵa, miyweler hám palız eginleriniń biri-birinen parqın biliwge ùyretedi. Bul oyındı tárbiyashı kishi toparda, orta hám úlken toparlarda úyretse boladı.

Milliy oyınlarımızdıń jáne birewi, "Awelemen dúwlemen" oyını bunda balalar ayaqların qosa jıynap dóńgelek bolıp otırıp aladı. Tárbiyashı balalardıń ayaqların sanap "Áwelemen

dúwelemen" qosıǵın aytadı. Áwelemen dúwelemen, Satqın iyttiń sanı menen, Áwez molla qayda ketti?

Dúzge ketti. Qashan keler?

Jazda keler jaz bolmasa gùzde keler, Pállampish sen tur, sen shıq! Mine, solay etip tárbiyashı qosıǵın aytadı hám balalardıń ayaqların qosıǵı tamam bolǵanda shıǵarıp jiberedi. Eń sońǵı ayaǵı qalǵan bala tárbiyashısınıń aytqan qosıǵın aytıp beredi.

Qaraqalpaq milliy oyınları ázelden bay tarıyxqa iye. Ata-babalardan balalarına ótip kelmekte hám elege deyin óz qádrin joǵaltpaǵan. Bul xalıq milliy oyınları menen qosa, milliy folklarına, milliy mádeniyatına iye xalıq. Bul milliy oyınlar balalardıń shaqqan bolıwında, til alǵısh bolıwında, epshil bolıwında hám topar bolıp awızbirshilikli bolıwında áhmiyetli sanaladı. Bala fizikalıq miynet penen birge, aqılıy kònlikpegede oyın barısında iye bolıp baradi. Bala oyın arqalı ósedi hám rawajlanadı. Bala oyın menen birge sóylew mádeniyatıda qáliplesip baradı. Ol oyında basqa balalar menen sáwbetlesedi hám oyında liderlik qılıwǵa háreket etedi. Bala júda háreketsheń sol sebebli tárbiyashi balanı baqlap turıwı talap etiledi. Tárbiyashi oyındı ótkermesten aldın balalardıń dıqqatın tartıp oyındı durıs túsindirip beriwi shárt. Oyınnıń túsinikli hám jaqsı shólkemlesken bolıwı tárbiyashınıń sheberligine baylanıslı.

## References:

1. M. Norqulov "Inson manfaatlari hamma narsada ustun" Toshkent 2017-yil.
2. G.Eshbaeva "Oriental art and culture" Scientific-methodical jurnal 2020-yil
3. Sh.Mirziyoyev " Buyuk kelajagimizni mart va oliyjanob xalqimiz bilan quramiz" Toshkent 2017-yil